**BERUNIY TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*230200, Beruniy tumani, Beruniy kuchasi, r/u*

**BERUNIY RAYONLAR ARALÍQ EKONOMIKALÍQ SUDÍ**

*230200, Beruniy, Beruniy k., n/j*

*Tel: (55) 102-40-63 e-mail: i.beruniy@sud.uz*

**Өзбекстан Республикасы атынан**
**ШЕШИУШИ ҚАРАР**

Беруний районы 2023-жыл 09-январь 4-2302-2203/3586-санлы ис

Беруний районлар аралық экономикалық судының судьясы Б.Т.Бекмуратов усы күни [redacted] даўагер [redacted] акционерлик жәмийетиниң мәпин қорғап, жуўапкер [redacted] фермер хожалығынан 1 011 293 сўм қарызын өндириўди сораған даўа арзасына тийкар қозғатылған экономикалық исти әпиўайыластырылған тәртип бойынша көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы:**

[redacted] (кейинги орынларда – даўагер) мәпинде экономикалық судқа даўа арза менен мүрәжат етип, жуўапкер [redacted] фермер хожалығы (кейинги орынларда – жуўапкер)нан 1 011 293 сўм қарызын өндириўди сораған.

Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодекси (кейинги орынларда – ЭПК)ниң $203^4$-статьясы екинши ҳәм төртинши бөлимлерине муўапық жуўапкер даўа арза бойынша жазба пикирин даўа арзаны ис жүритиўге қабыл етиў ҳәм ис қозғатыў ҳаққында уйғарыў шығарылған күннен баслап он бес күнлик мүддетте судқа өзи тийкарланып атырған ҳүжжетлер ҳәм дәлийллерди қосымша қылған ҳалда усыныўға ҳақылы. Жазба пикирге оның көширме нусқасы даўагерге жиберилгенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжет қосымша қылынады.

Даўа арзасының судқа жиберилиўи ҳаққында тийисли тәртипте хабардар қылынған жуўапкер тәрепинен даўа арза бойынша жазба пикир усынылмағанлығы даўа арзаны әпиўайыластырылған ис жүритиў тәртиби бойынша көрип шығыўға тосқынлық қылмайды.

Суд, жуўапкер тәрепинен даўа арза бойынша ҳеш қандай қарсы пикир усынылмағанлығы себепли даўа арзаны әпиўайыластырылған ис жүритиў тәртиби бойынша көрип шығыў мүмкин деген жуўмаққа келди.

**Суд истеги ҳүжжетлерди үйренип шығып ҳәм оларға ҳуқықый баҳа берип, төмендеги жағдайларға тийкарланып даўа арзаны толық қанаатландырыўды мақул тапты.**

Өзбекстан Республикасының Пуқаралық кодекси (кейинги орынларда – ПК) 8 ҳәм 234-статьяларына тийкарланып, миннетлемелер шәртнамадан, зыян жеткизиў нәтийжесинде ҳәмде усы Кодексте көрсетилген басқа тийкарлардан келип шығады.

Бул жағдайда тәреплердиң миннетлемелери электр энергиясы тәмийнаты шәртнамасынан келип шыққан.

ПКниң 468-статьясына муўапық энергия тәмийнаты шәртнамасына тийкар энергия менен тәмийинлеўши шөлкем тутастырылған тармақ арқалы абонентке энергия берип турыў миннетлемесин алады, абонент болса қабыл қылынған энергия ҳақысын төлеў, сондай-ақ шәртнамада нәзерде тутылған энергия пайдаланыў тәртибине әмел қылыў, пайдаланыўындағы энергетика шақапшаларынан пайдаланыў қәўипсизлигин ҳәмде өзи пайдаланатуғын энергиядан пайдаланыў әсбап ҳәм үскенелериниң сазлығын тәмийинлеў миннетлемесин алады.

Истеги ҳүжжетлерден анықланыўынша, тәреплер ортасында 2021-жыл 04-январь күни дүзилген 17-3369-санлы шәртнаманың I бөлимине муўапық «кәрхана» «тутыныўшы»ға жалғанған электр тармақлары арқалы электр-энергиясын жеткизип бериў миннетлемесин, «тутыныўшы» болса пайдаланған электр энергиясы ҳақысын өз ўақтында төлеў миннетлемесин алған.

Шәртнамаға муўапық тутыныўшы менен кәрхана ортасындағы өз-ара есап-китаплар ушын есап-китап дәўири бир айды қурайтуғынлығы көрсетилген ҳәм тутыныўшыға өзиниң пайдаланған электр энергиясы ушын өз ўақтында есап-китап қылып барыў миннетлемеси жүклетилген.

ПКниң 236-статьясына тийкар миннетлемелер миннетлеме шәртлерине ҳәм нызам ҳүжжетлери талапларына муўапық, бундай шәртлер ҳәм талаплар болмағанда ис-қатнасықлары әдетлерине яки әдетте қойылатуғын басқа талапларға муўапық лазым дәрежеде орынланыўы керек.

Жуўапкер шәртнама миннетлемесин лазым дарежеде орынламағанлығы себепли 2022-жыл 01-октябрь ҳалатына оның 1 011 293 сўм тийкарғы қарызы пайда болған ҳәм бул қарыздарлық бүгинги күнге дейин төленбеген.

Бул жағдайлар истеги шәртнама, салыстырыў акти, талапнама, мағлыўматнама ҳәм басқа да ҳүжжетлер менен тастыйықланады.

Сонлықтан, суд даўа талабының 1 011 293 сўм қарызды өндириў талабын толық қанаатландырыўды лазым тапты.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 20-майдағы «Ис ҳақи муғдарын асырыў ҳаққында»ғы ПФ-138-санлы Пәрманына тийкар 2022-жыл 1-июннан баслап базалық есаплаў муғдары 300 000 сўм етип белгиленген.

Даўагер тәрепинен ис бойынша алдыннан 2022-жыл 08-ноябрдеги 4350-санлы төлем тапсырықнамасы менен 24 000 сўм почта қәрежети төленген.

Сол себепли, суд жуўапкерден республика бюджетине 300 000 сўм мәмлекетлик бажы ҳәм даўагер пайдасына 24 000 сўм почта қәрежетин өдириўди лазым тапты.

Жоқарыдағыларға тийкар ҳәм Өзбекстан Республикасының Экономикалық процессуал кодекси 118, 176-179, $203^1$-$203^5$-статьяларын басшылыққа алып, суд

**ҚАРАР ЕТТИ:**

Даўа талабы толық қанаатландырылсын.

Жуўапкер [redacted] фермер хожалығынан даўагер [redacted] акционерлик жәмийети пайдасына 1 011 293 сўм қарызы ҳәмде 24 000 сўм почта қәрежети өндирилсин.

Жуўапкер [redacted] фермер хожалығынан республика бюджетине 300 000 сўм мәмлекетлик бажы өндирилсин.

Шешиўши қарар қабыл етилгеннен кейин он күн өткеннен соң нызамлы күшине киреди.

Шешиўши қарар нызамлы күшине киргеннен соң орынлаў хатлар берилсин.

Шешиўши қарар үстинен усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына он күн мүддет ишинде апелляциялық тәртипте арза, прокурор (протест) келтириўге ҳақылы.

**Судья** **Б.Т.Бекмуратов**